



# Orange Township Public Schools

Dr. Gerald Fitzhugh, II  
Biwo Sipèntandan an



7 Jiyè 2019

Chè Paran, Gadyen, Moun k'ap bay Swen, Edikatè, ak Aksyonè nan Kominote Orange

Mwen kontan anpil pou'm kòmanse ventyèm ane mwen nan edikasyon kòm Sipèntandan Lekòl Piblik nan Distri Orange. Lè mwen te fè entèvyou avèk Sipèntandan Lekòl yo ak Konsèy Edikasyon an epi paralèlman rankontre ak anplwaye, elèv, fammi yo, ak moun ki gen enterè nan kominote a nan yon reyinyon Konesans Mityèl, mwen te santi yon lespri pozitif nan kominote a. Mwen te konprann se te yon kote ideyal pou'm kòmanse pwochen faz karyè mwen. Distri a rich ak gwo edikatè ki konprann ke edikasyon chak timoun enpòtan anpil pou vizyon ak misyon distri a. Mwen konvenki ke ansanm nou pral deplase Distri sa a soti nan "byen pou ekselans."

Kòm nou antre nan ane lekòl 2019-2020 la, nou anbrase objektif sa a: kontinye kwasans ak siksè pou tout elèv yo. Angajman sistèm lekòl nou an se pou ekipe tout elèv Lekòl Piblik Orange yo avèk konpetans ak konfyans pou fòme pwòp vi yo, patisipe aktivman nan kominote nou an, epi aji yon fason enfòme nan yon sosyete mondal divès kilti. Ekip Lidèchip Distri nou an kòmanse fòme yon ansèyman dirije, ki baze sou done ki sòti nan yon varyete sous ki pral sèvi kòm yon plan pou fè Lekòl Piblik Distri Orange lan yon referans nan ekselans nan mitan lekòl distri yo nan New Jersey. Plan sa a li bati sou kat fondasyon, oswa kat poto, sètadi:

- Kenbe yon kilti nan gwo atant ak responsabilite.
- Asire ke tout elèv metrize nòm akademik yo.
- Travay an kolaborasyon ak pran desizyon sou reyalite, pa opinyon.
- Bati afilyasyon solid ak fanmi yo ak kominote a

Kominote Orange lan te toujou demonstre angajman li pou lekòl ak elèv nou yo. Angajman ak devouman anplwaye nou yo facilite nan bon direksyon pou siksè elèv yo ki fè eksperyans **kwasans kontinyèl akademik**, enkòpore **pèsistans akademik**, ak modèl **rezistans sosyo-emosyonèl**. Distri nou an se yon **kote ke timoun yo okipe premye plas nan tout bagay**. Avèk yon konsantrasyon **enstriksyonèl entans, ak serye**, Lekòl Piblik Distri Orange pral kontinye travay kolektivman nou yo vire bon entansyon nou yo nan gwo rezulta pou tout elèv yo epi asire ke Distri nou an deplase soti nan "byen pou ekselans."

Anfen, mwen tap manke anpil si'm pa ta solisite pou patnè paran nou yo travay ansanm ak Lekòl Distri a pou asire ke nou bay timoun nou yo pi bon ansèyman akademik ak sitiyasyon pozitif. N'ap akeyi fidbak ou yo ak sipò ou pandan tout ane lekòl la.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Sipèntandan Lekòl yo